

M ap li nèt ale


Liv Elèv Kreyòl

Tòm 3

Twazyèm
ane



USAID | **AYITI**
ÈD PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale
et de la Formation Professionnelle

Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 3èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

Moun ki te patisipe nan elaborasyon,
konsepsyon ak koreksyon materyèl la :

Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES,
Spécialiste du développement des
matériels de créole, USAID/ RTI/
ToTAL

Reginald Calixte BRICE, Educateur,
Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Jovany VINCENT, Educateur, Consultant,
USAID/ RTI/ ToTAL

Standley KETAN, Educateur/ Consultant,
USAID/ RTI/ ToTAL

Walph Ferentzi YOUYOU, Educateur/
Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Darline ALEXIS, Consultante, USAID/
RTI/ ToTAL, (Correction et relecture)

Josette GABOTON, Consultante, DEF/
EPT-BM (Correction)

Fritz Berg JEANNOT, Consultant, USAID/
RTI/ ToTAL (Relecture)

Nathalie LEMAINE, Consultante, USAID/
RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Marie Rodny Laurent ESTÉUS,
Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL
(Élaboratrice d'histoires)

Marlène ETIENNE, Consultante, USAID/
RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Mitchell Pierre, Illustrateur, Consultant,
USAID/ RTI/ ToTAL

Moun ki te soutni ak bay konsèy

Loretta GARDEN, USAID

Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID

Josiane H. BARNES, USAID

Nathalie RICOT, USAID

Kadidia DIENTA, COP, USAID/ RTI/ ToTAL

Andrew JOHNSTON, DCOP, USAID/ RTI/
ToTAL

Mary DENAUW, Consultante, USAID/ RTI/
ToTAL

Laurette CUPIDON, Coordinatrice du
Curriculum, USAID/ RTI/ ToTAL

Emmanuel FILIPPI, Coordinateur du
bureau du Nord, USAID/ RTI/ ToTAL

Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP

Jean Winor PIERRE, Directeur, DEF/
MENFP

Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du
Curriculum et formation, DEF, MENFP

Chantal ROQUES, Coordinatrice PDCL

Raymond JEAN-LOUIS, Responsable de
formation PDCL

Dieudonne JOSEPH


Jean Daniel CLEDOR

Alius JOSEPH

Sa ki nan liv la

Leson 101	2	Leson 126	54
Leson 102	5	Leson 127	57
Leson 103	7	Leson 128	58
Leson 104	10	Leson 129	60
Leson 105	12	Leson 130	61
Leson 106	14	Leson 131	63
Leson 107	17	Leson 132	65
Leson 108	19	Leson 133	66
Leson 109	21	Leson 134	68
Leson 110	23	Leson 135	69
Leson 111	25	Leson 136	71
Leson 112	28	Leson 137	73
Leson 113	30	Leson 138	74
Leson 114	33	Leson 139	76
Leson 115	34	Leson 140	77
Leson 116	36	Leson 141	79
Leson 117	39	Leson 142	81
Leson 118	40	Leson 143	83
Leson 119	42	Leson 144	85
Leson 120	44	Leson 145	87
Leson 121	46	Leson 146 Evalyason 1	89
Leson 122	48	Leson 147 Evalyason 2	90
Leson 123	49	Leson 148 Evalyason 3	91
Leson 124	51	Leson 149 Evalyason 4	92
Leson 125	52	Leson 150 Evalyason 5	93

Leson 101. Pwoteje kò nou



M ap li

ekilib

enkyè

ranmase

glise

tonbe

kriye



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Ekilib : sitiyasyon yon kò ki rete kanpe san pwoblèm.

Enkyè : ki pa trankil, ki toumante.



M ap li ak bon ton

Men jan nou konnen enpòtans mis yo.

Kò nou se pwoteksyon pou zo nou yo.

Nou dwe pran swen li

Pwoteje l kont tout move maladi.

Yon aksidan

Kounye a, nou nan mwa me. Tout pye mango plen ak bèl mango mi. Wozlò ak Ketna bezwen keyi kèk bèl mango. Ketna monte pye mango a, epi Wozlò rete atè pou ranmase.

Mango yo santi bon, po yo swa. Ketna gen tan lage sis bèl. Wozlò di li :

« Mwen kwè nou kont. Nou pa bezwen keyi plis. Ou mèt desann ! »

Men Ketna wè yon dènye mango li anvi. Etan l ap lonje men li, pye li glise, li pèdi ekilib, li sot tonbe. Wozlò rele :

« Amwey » Men m tonbe !

Papa Ketna ki te chita ap fè **nouvèl** nan radyo, kouri leve lè li tande rèl la.

« Sak genyen Wozlò ? »

« Ketna ki sot tonbe. »

« Ketna, Oo ! Tann mwen. »

Tousuit li parèt byen enkyè devan Ketna atè a.

« Ki kote k ap fè ou mal? Atansyon Wozlò, pa leve li nenpòt ki jan. »

Ketna ap kriye, l ap plenn, li mal pou pale :

« Woy...Woy...bra m ap fè m mal... woy... »

« Ou pa bezwen rele. Nou prale lopital. »

Li soutni Ketna epi li leve li tou dousman al mete li chita nan machin nan.

Li pran yon chemizèt, li chire l tou long pou fè yon **bando** li pase nan kou Ketna epi li vire li kenbe bra a dekwa pou li rete anplas.


Lè yo rive lopital la, Ketna esplike doktè a kijan li te fè tonbe. Yo voye li fè radyografi pou wè si zo a pa kase. Ketna wè aparèy yo, li tonbe kriye.

« Pa koupe bra m ! M p ap ret la ! Kite m ! »

Doktè a ak mis yo byen pale avèk Ketna, yo di l li pa bezwen kriye, tout bagay ap rezoud.

Rezilta a fè konnen bra goch Ketna kase reyèlman. Doktè a mete yon plat pou li dekwa pou zo yo ka vin soude ankò. Ketna ap rete avèk anplat la pou de mwa. Ketna di Mis la :

Erezman se pa men mwen sèvi pou m ekri a.



nouvèl :

Enfòmasyon yo bay nan radyo oswa nan televizyon.

bando :

Rad yo pliye oswa chire pou fè yon banday.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Konplete fraz sa a dapre tèks la :
Pèsonaj nan tèks la se :
2. Ki sa Ketna te fè ?
3. Ki sa k rive li ?
4. Ki kote papa l mennen l ?
5. Ki fraz ki montre Ketna te pè ?
6. Pou ki sa doktè a mete plat la ?

Mwen dwe konnen

- Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
 - Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante dapre yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
 - **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.
-

Leson 102. Pwoteje kò nou

Yon aksidan, leson 101 an



Mwen se yon aparèy.

Mwen gen koulè blan.

Lè pye yon moun

Oswa bra yon moun kase

Doktè mete m nan pye

Oswa nan bra moun nan

Pou zo yo ka kole ankò.

Mwen se _____



M ap li

bando

radyografi

planch

lopital

doktè

mis



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Radyografi : imaj yon pati anndan kò yon moun ki montre si li malad oswa si li ansante.

Plat : poud blanch yo sèvi pou fè bandaj pou moun ki gen zo kase.



M ap reflechi sou tèks la

1. Mete fraz sa yo nan lòd selon jan istwa a dewoule nan tèks la.

- Pye Ketna glise sou pye mango a.

- Ketna ak Wozlò al keyi mango.

- Doktè a mete bra l nan plat paske l kase.

- Papa Ketna mennen l lopital aprè l fin tonbe a.

2. Pou ki sa Ketna te pè ?

3. Èske papa Ketna te fè yon bon aksyon lè li mennen Ketna lopital la ? Pou ki sa ?

4. Èske sa rive w deja pou w fè aksidan ? Rakonte.



M ap li ak bon ton

« Amwey ! » Men m tonbe !

Sa w genyen Wozlò ?



Ketna ki sot tonbe.

Ketna, Oo ! Tann mwen.

Mwen dwe konnen

- Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb pou kont li oubyen ak yon vèb ki gen youn oswa plizyè mo aprè li.
 - Nan yon **gwoup vèbal** mo ki vini aprè vèb la kapab jwe wòl: konpleman **objè** (dirèk – endirèk), konpleman **sikonstansyèl**.
 - Yon **konpleman objè dirèk** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè pati **gwoup vèbal** la pou konplete sans vèb la.
 - Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la, nou dwe poze kesyon « **kilès ?** » oswa « **ki sa ?** » devan gwoup sijè a.
-

Leson 103. Pwoteje kò nou



M ap li

konvèsasyon

malarya

marengwen

anofèl

pike

fyèv



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Konvèsasyon : echanj pawòl ant de oswa plizyè moun sou yon sijè.

Malarya : maladi moun trape aprè yon moustik ki rele anofèl fin pike li.



M ap li ak bon ton

Tout bèt ka mòde oswa pike.

Men gen bèt ki mòde pou bay maladi.

Anofèl se marengwen ki mode di.

Li bay malarya ak tèt fè mal san rete.

Mwen dwe konnen

- Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb pou kont li oubyen ak yon vèb ki gen youn oswa plizyè mo aprè li.
- Nan yon **gwoup vèbal** mo ki vini aprè vèb la kapab jwe wòl: konpleman **objè** (dirèk - endirèk), konpleman **sikonstansyèl** oswa **advèb**.

Ki sa malarya ye ?



Timoun yo ap tire kont sou lakou a. Men Jak pa ka patisipe nan jwèt la paske kò l pa bon, li kouche ak lafyèv. Gen youn nan zanmi yo ki di :
« M pa konprann anyen ak maladi Jak la. Lajounen an li te anfòm, li t ap bay blag ak nou. »

Yon lòt zanmi deklare :

« Kou solèy la pral kouche, li kòmanse santi kò l kraze. Se konsa l ye depi yè swa. »

Grann Dali ki t ap tande konvèsasyon an di tou ba :

« Gen lè se malarya Jak trape. Lakou a chaje marengwen k ap mache pike moun lajounen kou lanwit. »

Fòk Grann Dali sonje lakou a plen ak anofèl. Se yon ras marengwen ki ka bay moun malarya. Kote l fin pike w la, sou kèk jou, ou kòmanse santi lafyèv frison ak maltèt nan aswè. Kidonk pou ou pa trape malarya se pou ou toujou ap kwape marengwen kote ou viv, nan sèvi ak moustikè, ak flit, elatriye.

Se konsa, bonè nan maten, Grann Dali mennen Jak nan sant sante a, kote yon doktè konsilte l. Yo poze li plizyè kesyon. Doktè a di li kwè se malarya tout bon Jak genyen. Men li voye li fè tès san nan **laboratwa** a. Lè fini, Grann Dali ak Jak ale nan famasi pou yo achte medikaman doktè a te preskri yo.

Lè yo rive lakay, Grann Dali bay Jak yon grenn **Klowokin**. Nan aswè, li fè te pou li tou. Li di l yo :

« Pa enkyete ou, sou de jou w ap ka al jwe ak lòt timoun yo sou lakou a. » Jak kontan, li pa ka tann li geri pou l tounen al jwe ak zanmi l yo.

Laboratwa :
Espas nan yon lopital yo fè tout kalite analiz.

Klowokin :
Medikaman ki bon pou malarya.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki sa timoun yo ap fè sou lakou a ?
 2. Pou ki sa Jak pa ansanm ak zanmi l yo ?
 3. Ki siy ki pèmèt nou rekonèt malarya ?
 4. Ki jan yo rele marengwen ki bay malarya a ?
 5. Pou ki sa Jak kontan lè l sot kay doktè a ?
-

Leson 104. Pwoteje kò nou

Ki sa malarya ye ?, leson 103 a



Mwen se yon maladi.

Mwen mache ak gwo tèt fè mal.

Lè yo moun genyen m

Li pran tranble chak apremidi.

Moun trape m akoz piki

Yon marengwen ki rele anofèl.

Mwen se _____



M ap li

moustikè

konsilte

laboratwa

famasi

medikaman

klowokin



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Anofèl : moustik ki bay moun malarya.

Moustikè : rido fen ki antoure kabann pou anpèche moustik pike moun k ap dòmi.



M ap reflechi sou tèks la

1. Ekri Vre oswa Pa vre akote fraz pi ba yo :

- Jak te gen lafyèyè tout jounen an.

- Anofèl yo bay malarya.

- Klowokin se yon medikaman yo pran pou malarya.

2. Èske w konn gen malarya deja ? Si wi, ki sa ou te santi ?

3. Daprè ou pou ki sa Grann Dali mennen Jak lopital tousuit ?

4. Si w t ap kontinye istwa a, ki jan w t ap fini l ? Rakonte.



M ap li ak bon ton

Elsi manke kase pye l.

O ! M byen kontan pye Elsi pa kase.

Èske Elsi kase pye l ?

Non pye Elsi pa kase.

Mwen dwe konnen

- Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
 - **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
 - **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
 - Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.
-

Leson 105. Pwoteje kò nou



Mwen pa yon zwazo.

Men mwen konn vole.

Mwen se yon bèt tou piti.

Mwen renmen rete kote ki gen dlo.

Mwen vole plis lannuit.

Se lè sa a mwen pike moun.

Lenmi m se moustikè ak plakatòks.

Mwen se _____



M ap li

takinen

plamen

chaje

zòrèy

bonbon

ayayay



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Takinen : pran plezi nan annuiye yon moun.

Plamen : pati anndan men yon moun.

Mwen dwe konnen

- Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb pou kont li oubyen ak yon vèb ki gen youn oswa plizyè mo aprè li.
 - Nan yon **gwoup vèbal** mo ki vini aprè vèb la kapab jwe wòl: konpleman objè (dirèk – endirèk) oswa konpleman **sikonstansyèl**.
-

Marengwen



Ayayay...

Ki sa ou vin chache

Nan zorèy mwen ?

Chak swa ou la.

W ap vin takinen mwen !

Ban m yon ti chans non !

Gen lè ou dèyè m tout bon.

Ak de plamen m

M ap fè w tounen bonbon !


Komite Edikasyon Karitas, Ench



M ap reflechi sou tèks la

1. Sou kilès tèks la pale ?
 2. Ki sa l konn fè ?
 3. Pou ki sa powèt la mande l yon ti chans ?
 4. Daprè ou ki sa otè a vle di nan fraz sa a : « Ak de plamen m m ap fè w tounen bonbon » ?
 5. Èske w renmen lè marengwen rele nan zorèy ou ? Pou ki sa ?
-

Leson 106. Konnen bèt yo



M ap li

polisyon

endistri

pechè

nas

lanmè

pwason



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Polisyon : dega anviwònman an sibi lè yo mete divès kalite dechè ladan li.

Endistri : izin kote yo pwodui divès kalite objè moun ka itilize.



M ap li ak bon ton

Polisyon detwi plant ak bèt.

Polisyon bay tout move maladi.

Fòk nou pa jete fatra tout kote.

Nou p ap jete sa nou fin sèvi nan rivyè.

Lapèch nan Pestèl

Ednè Pyè rete Pestèl, nan depatman Grandans. Pestèl se yon bèl ti vilaj ki bò lanmè. Lapèch se pi gwo aktivite moun nan zòn nan. Ednè se pechè. Li toujou leve douvanjou pou li ale peche. Sitou nan mwa jiyè ak dawout.



Li menm ak kat lòt pechè pran kannòt la epi yo ale jis nan fon lanmè a. Yo lage yon ti nas

sale :

Mete sèl nan yon pwason, nan yon vyann.

oswa yon filè anba dlo a epi aprè twazèdtan yo rale li ak pwason yo. Se pa toulejou yo rale anpil pwason. Lè yo tounen sot peche, menm kote a, Madan Ednè ak kèk lòt kòmè vann pwason yo bò lanmè a. Si gen pwason ki rete ki pa vann, yo **sale** li epi yo mete li seche nan solèy pou li ka konsève.

nas :

Zouti ki fèt ak latanye oswa ak banbou pechè itilize pou kenbe pwason.

Pafwa pechè yo konn kite yon gwo **nas** fè konbyen semèn anba dlo anvan yo rale l. Nas yo fèt ak fèy latanye trese. Pechè yo plen yo avèk ti moso manje, zaboka, banann, kokoye. Lè pwason yo wè manje nan nas la yo kouri antre. Men pòt nas la fèt yon jan pou lè yo fin antre yo pa ka sòti. Pechè yo pran divès kalite pwason : karang, bare, dorad, vivanno, elatriye.

Ednè gen tranndezan l ap fè lapèch. Se sa papa l te konn fè tou. Depi kèk tan pechè yo ap plenyen anpil : « Lontan nou te konn jwenn plis pwason epi yo te pi gwo, pi bèl. Jou an jou, lavi a ap vin pi di pou pechè pwason. » Anpil rezon ka esplike sitiyasyon sa a. Kounye a, gen plis moun sou tè a kidonk yo peche plis pwason pou vann nan mache ak pou voye nan lòt peyi. Plizyè gwo bato rantre nan aktivite lapèch sa ki lakòz pwason al kache pi lwen nan fon lanmè a. Men rezon ki pi enpòtan, se paske gen plis polisyon k ap detwi anviwònman kote pwason yo ap viv. Moun jete twòp fatra nan lanmè, twòp move dlo ki sòt nan indistri ak pwodui chimik ladan yo ki ap detwi baryè koray ki pwodui oksijèn...

Se pou tèt sa tout abitan Pestèl mete ansanm pou kenbe bò rivaj yo pwòp, pou yo pa jete fatra nan zòn nan. Lameri dwe mete yon sèvis pou ranmase fatra epitou fè resiklaj...



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki kote Ednè Pye rete ?
 2. Site zouti pechè yo itilize pou peche pwason yo ?
 3. Ki sa medam yo fè ak rèz pwason yo ?
 4. Ki kalite pwason pechè yo pran ?
 5. Èske Ednè renmen jan lapèch la tounen ? Pou ki sa ?
 6. Ki aksyon abitan Pestèl fè pou amelyore sitiyasyon an ?
-

Mwen dwe konnen

- Yon **konpleman objè endirèk** se yon mo ki konplete sans vèb la nan yon fraz.
 - Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou poze kesyon **ak ki sa, ak kilès, pou kilès, de kilès, de ki sa, san ki sa** devan gwoup sijè a.
-

Leson 107. Konnen bèt yo

Lapèch nan Pestel, leson 106 la



Mwen fèt an bwa.

Yon ban m fòm ak rach.

Mwen glise sou rivyè ak nan lanmè.

Yo kondi m ak zaviwon oswa ak vwal.

Pechè sèvi avè m pou y al tann ak leve nas.

Yo sèvi avè m tou pou y al tann ak leve filè.

Mwen se _____



M ap li

lapèch

karang

bare

dorad

vivanno



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Rivaj : pati tè ki bò lanmè.

Resiklaj : aktivite ranmase dechè epi itilize yo pou fabrike objè ki itil.



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa aktivite lapèch enpòtan pou moun nan zòn nan ?
 2. Pou ki sa medam yo vle vann pwason yo tousuit yo fin peche ?
 3. Èske w ta renmen konn peche pwason ? Pou ki sa ?
 4. Pou ki sa pechè yo di « jou an jou lavi a vin pi di » ?
-



M ap li ak bon ton

Simon ap fè bri bèt li konnen, li di :

« Kokoriko ! se konsa kòk yo chante.

Ti chen an jape Oup ! Oup ! Oup !

Chat la li menm li fè myaw ! Myaw ! »

- Yon **konpleman objè endirèk** se yon mo ki konplete sans vèb la nan yon fraz.
 - Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou poze kesyon **ak ki sa, ak kilès, pou kilès, de kilès, de ki sa**, san ki sa devan gwoup sijè *a*. Kesyon an dwe fini nan vèb la.
-

Leson 108. Konnen bèt yo



Maryo, kote ou prale ou chèlbè konsa ?

Mwen pral nan piknik.



Se semenn pwochèn piknik la ap fèt.

Mwen twò prese. Kite mal mete inifòm sou mwen.



M ap li

konje

piknik

konje

amize

benyen

lanati



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Konje : jou ki pa gen lekòl ak travay.

Piknik : aktivite plizyè moun fè lè yo soti pou yo amize yo, manje ansanm pandan y ap vizite yon zòn.



M ap li ak bon ton

Zandolit kouri, li ranpe, li kanpe.

Zandolit chanje koulè, li gonfle.

Timoun kouri vin gade.

Yo gade, yo admire zandolit san rete.

Mwen dwe konnen

- Yon **konpleman objè endirèk** se yon mo ki konplete sans vèb la nan yon fraz.
- Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou poze kesyon **ak ki sa, ak kilès, pou kilès, de kilès, de ki sa, san ki sa** devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Yon jounen piknik

Semèn pase te gen konje. Elèv klas Milin yo te ale nan yon jounen piknik ak lekòl la. Elèv yo te eksite, Yo te ale Pènye. Se yon katye ki pa twò lwen Pòtoprens, ou jwenn li lè ou fin kite Wout Frè. Lontan, Pènye pa t gen anpil kay, moun nan zòn nan te konn travay latè. Men kounye a, moun **bati** anpil nan zòn nan. Se kèk kote sèlman ou toujou jwenn bèl espas pou mennen timoun jwe epi obsève lanati.



bati :
Konstwi.

Jounen an te fèk kòmanse ! Granmaten tout timoun te deja rive sou lakou lekòl la. Anpil mouvman ! Sa ki t ap kouri, sa ki t ap bay blag, sa ki t ap ri sou lakou a... Se te lajwa ! Penpenp ! Bis la rive devan lekòl la ! Woy, moman an rive. Yo monte bis la ansanm ak Direktè lekòl la, ak de pwofesè. Te gen Manman de elèv ki te la tou. Kou yo te rive Pènye, timoun yo te byen amize yo. Yo te benyen nan Larivyè Griz (moun nan zòn nan rele li Gran Rivyè), yo te manje mango, mayi **boukannen** ak kann kale. Yo te bwè dlo kokoye.

boukannen :
Fè kuit sou dife.

Rive yon lè, pwofèsè yo te fè timoun yo fòme plizyè ekip pou yo obsève bèt ak plant ki alantou yo. Se konsa Milin ak ti kamarad li yo aprann anpil bagay sou zandolit. Yo vin konnen yo ka chanje koulè epi yo manje ti ensèk. Mèt la esplike yo yon femèl ka ponn sis ze nan chak pòte. Konsa tou yo kouve ze yo pandan karant jou konsa. Zandolit konn pèdi ke yo tou, men sou kèk jou, li retounen pouse.

Timoun yo te kontan anpil pou jounen sa a. Non sèlman yo te amize yo men tou yo te jwenn enfòmasyon sou sa ki nan lanati.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki sa elèv klas Milin yo te fè nan jou konje a ?
2. Ki kote yo te ale ? Fè yon ti pale sou zòn nan.
3. Ki jan timoun yo te amize yo ?
4. Ki sa pwofèsè yo te aprann timoun yo ?
5. Pou ki sa timoun yo te kontan ?

Leson 109. Konnen bèt yo

Yon jounen piknik, leson 108 la



Mwen se yon bèt.
Mwen trennen sou vant.
Mwen ka gonfle anba kou m.
Mwen manje krikèt ak lòt ensèk.
Mwen pa koulèv.
Mwen pa mabouya.
Mwen ka chanje koulè tanzantan.
Mwen renmen monte pyebwa.
Mwen mache sou mi tou.
Mwen se _____



M ap li

zandolit bèt ensèk ponn ze kouve



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Obsève : byen gade sa ki nan alantou ou.

Ensèk : ti bèt piti ki gen sis pat, kat zèl ak de antèn devan tèt yo.



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa timoun yo te eksite anvan yo ale ?
 2. Èske ou konn al nan jounen piknik ak lekòl ou ? Ki kote ?
 3. Mete fraz sa yo nan lòd selon tèks la.
 - a. Elèv yo jwenn enfòmasyon sou zandolit.
 - b. Elèv yo al nan jounen piknik Pènye.
 - ch. Elèv yo te amize yo nan benyen, manje mango ak kann kale, bwè dlo kokoye.
 4. Èske w panse li bon lè pwofesè a bay timoun yo enfòmasyon sou zandolit la ? Pou ki sa ?
 5. Ou renmen wè zandolit ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

Kodenn te chèlbè pou li ale nan fèt kay Kana a.

Kana, kodenn, kòk chita san kè kase nan kònsè kay konpè Kabrit la.

Mwen dwe konnen

- Yon tèks enfòmatif se yon tèks ki prezante aksyon oswa fenomèn ki pase nan reyalite a.
 - Nan yon tèks enfòmatif nenpòt moun ka verifye enfòmasyon li jwenn yo.
-

Leson 110. Konnen bèt yo



Mwen se yon zouti pou pechè.
Mwen fèt ak banbou oswa ak wozo.
Yo fè m divès kalite fason.
Pechè sèvi avè m pou kenben pwason.
Yo tann mwen nan lanmè
Oswa nan rivyè.
Mwen se _____



M ap li

bri

grandi

fent

foli

malen

piti



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Foli : konpòtman ki parèt pa nòmal.

Fent : jès ou fè pou lakòz yon lòt tonbe nan yon pyèj.

Mwen dwe konnen

- Yon **konpleman objè endirèk** se yon mo ki konplete sans vèb la nan yon fraz.
 - Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou poze kesyon **ak ki sa, ak kilès, pou kilès, de kilès, de ki sa, san ki sa** devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.
-

Ti pwason ak pechè




Ti pwason tou piti
Rete san bri
Ap tann li grandi.
Men se yon foli
Si paran l ta lage l mezanmi !
Nas pechè ap danse anba dlo
Pare pou mennen l nan peyi san chapo.
Floup ! Flap ! Pechè rale nas.
Ti pwason sove li pa kite tras.
Ti pwason malen
Li pa pran nan fent.
Non, non, lakay pi bon !



M ap reflechi sou tèks la

1. De kilès istwa a pale ?
 2. Ak ki enstriman pechè a konn peche ?
 3. Pou ki sa ti pwason malen ?
 4. Èske w dakò ak pwason an ki vle rete lakay ? Pou ki sa ?
-

Leson 111. Chèche konnen anvan ou jije lòt yo



M ap li

kès

pwodui

farin

sik

zouti

kabann



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Kontraye : ki pa kontan.

Kès : bwat ki fèt pou moun mete lajan.



M ap li ak bon ton

Mwen p ap fè move zè

Paske mwen konn lalwa.

Mwen p ap akize moun san prè

Pake tout moun gen dwa.

Yon bèl ankèt

Pati 1

Mesye Seza se mèt pi gwo magazen nan bouk la. Li vann tout kalite pwodui : sak farin, sak sik, kabann, zouti pou travay latè, elatriye. Jou mache, kay Seza plen moun k ap antre soti. Vwala depi nan maten, Seza kontrarye anpil. Bwat kote li sere lajan li a disparèt. Samdi sa a, li p ap ka ale labank pou fè depo lajan. Seza mete de men nan tèt.



sispèk :

Moun yo panse ki fè yon move zak.

« Mezanmi ! Pou di yo ta pran kès mwen an vre ! »

Tout chèche Seza chèche, li pa jwenn li. Finalman, li oblije ale nan pòs polis ki pi pre a. Li te rankontre enspektè Ogis. Seza di li :

« Enspektè, tanpri ede m ! Mwen pèdi yon bwat chaje ak lajan. Mwen **sispèk** yon moun...Fòk se Paskal ki fè zak la. Se yon jennonm ki p ap leve ni lou ni lejè, epi ki toujou ap monte desann sou katye a. M p ap twonpe m non. »

Enspektè a reponn :

« Ou pa gen dwa akize moun konsa, Mesye Seza. Èske ou te wè li ak je ou. »
Seza di :

« Depi kèk jou, mwen wè Paskal k ap monte desann devan boutik la. »

Enspektè Ogis mande Seza pou li rete kal. Li pral mennen ankèt li. Enpesktè a ale nan magazen Seza a. Li obsève anplasman kote Seza di bwat la te ye a. Li poze tout anplwaye magazen yo kesyon. Adyela, youn nan anplwaye yo di tou ba :

« M twouve sa dwòl pou ni pòt, ni fenèt pa **kase** epi bwat la disparèt nan aswè. Bagay sa a...Hm ! »

Enspektè Ogis gen yon ti kanè kote li ekri tout sa anplwaye yo te di li.

Enspektè a menm al pale ak vwazinaj epi machann k ap vann devan boutik la. Anvan li ale, Enspektè a pwomèt Seza l ap jwenn bwat lajan an kanmenm.

kase :

Sa ki ouvri ak fòs oubyen ki kraze nan ouvri.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ankadre lèt ki mache ak sa tèks la di sou pèsonaj yo :
 - a. Enspektè Ogis pa vle enjistis.
 - b. Seza prese pou jwenn vòlè a.
 - ch. Adyela pa gen okenn enkyetid.
2. Ki sa yo pran pou Seza ?
3. Ki kote Seza al pote plent ?
4. Kilès li panse ki pran bwat sekrè a ?
5. Ki sa enspektè Ogis fè aprè l fin pale ak Seza ?

Mwen dwe konnen

- Yon **advèb** se yon mo ki fè pati gwoup vèbal la.
 - **Advèb** la bay yon enfòmasyon an plis nan fraz la.
 - **Advèb lye** sèvi pou bay enfòmasyon sou ki kote yon aksyon pase.
 - Nan lang kreyòl, prensipal **advèb lye** yo se : deyò, anndan, dèyè, devan, anlè, anba, isit, lòtbò, pre, lwen, toupatou, tribòbabò.
-

Leson 112. Chèche konnen anvan ou jije lòt yo

Yon bèl ankèt pati 1, leson 111 la



Mwen se yon gwo kay.
Gen plizyè moun ki kanpe
Devan m k ap bay sekirite.
Tout kalite moun frekante m.
Lè ou antre gen plizyè moun
Ki la pou ede w ak pou sèvi w.
Mwen se kote moun al depoze
Ak retire lajan yo oswa al prete lajan.
Mwen se _____



M ap li

bwat labank lajan depo disparèt sispèk



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Akize : di se yon moun ki fè yon move aksyon.

Ankèt : sa yon moun fè lè l ap chèche enfòmasyon ak prèv pou rezoud yon afè.



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa Seza al depoze lajan labank le samdi ?
 2. Èske w dakò ak Seza pou sa l di sou Paskal la ?
 3. Pou ki sa enspektè Ogis al nan magazen an ?
 4. Daprè ou ki sa ki pral pase nan rès istwa a ?
-



M ap li ak bon ton

O, o, apa w ap akize m !

Èske ou gen prèv de sa ou di a ?

Moun pa akize yon lòt si li pa gen prèv.

Se sèl lajistis ki ka di si yon moun koupab

Mwen dwe konnen

- **Advèb tan** an sèvi pou bay enfòmasyon sou ki lè yon aksyon pase.
 - Nan lang kreyòl, prensipal **advèb tan** yo se : anvan, aprè, kounye a, jodi a, yè, demen, pita, toujou, pafwa, souvan, toutan...
-

Leson 113. Chèche konnen anvan ou jije lòt yo



M ap li

enspektè

kesyone

prezante

manda

lajistis

fouye



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Manda : lòd ekri lajistis bay pou fouye kay oswa arete yon moun.

Fouye : chèche byen pou jwenn yon objè, yon bèt oswa yon moun.



M ap li ak bon ton

Maglwa pèdi yon bèt.

Enspektè Dinò ap mennen ankèt.

Enspektè a jwenn bèt la mare nan yon pikèt.

Maglwa tèlman kontan, li fè fèt.

Mwen dwe konnen

- **Advèb manyè** sèvi pou bay enfòmasyon sou ki kote yon aksyon pase.
- Nan lang kreyòl, prensipal **advèb manyè** yo se : byen, mal, vit, fò, ba, ansanm, pou kont, ekspès, pito, konsa, dousman...

Yon bèl ankèt Pati 2

Jodi a, enspektè Ogis deside kesyone Paskal. Li prezante kay Paskal avèk yon manda lajistis nan pòch li. Li mande Paskal : « Ki kote ou te ye mèkredi swa ? »

Paskal reponn :

« Mwen te nan vèy Madan Aman. Mwen tandè Seza di se mwen ki vòlè kòb li. Sa se yon gwo manti ! Si m te vòlè kòb Seza,

konsyans mwen pa t ap anpè konsa. »

Repons sa a pa t anpeche enspektè Ogis fouye andedan kay Paskal. Nad, marinad ! Enspektè a ap kalkile :

« Reyèlman vre, anpil moun di yo te wè Paskal nan vèy Madan Aman tout lannwit. Ou kwè se Paskal vre ? » Enspektè a tounen kay Seza. Li mande l si li pa konn deplase bwat la. Seza di :

« O wi ! M chanje li plas tanzantan. Gen de lè m konn mete l anba kabann nan oswa sou tèt **bifèt** la ».

Men li sèten li te kite l anba **frijidè** a mèkredi swa. Enspektè Ogis di :

« Seza, mennen m nan kizin nan. »

Se konsa, li dirije l sou frijidè a, li louvri l. Aprè sa, yon lide di l gade anndan fou a. Li bese, li wè de plato ak yon bòl l al pou fèmen fou a. Yon lòt lide di l ouvri l. Epi li fonsè sousi l pou l di :

« Men bwat la ! Li vlope ak papyè aliminyòm. »

Se pa ti kontan Seza kontan. Li di li p ap tann samdi pou li ale labank ankò, l ap fè sa de fwa pa semèn. Li remèsye enspektè a. Enspektè Ogis pwofite di li :

« Ou te akize Paskal san okenn prèv. Mesye Seza, ou pa dwe lonje dwèt ou sou inosan konsa non. Paskal gen dwa rele w lajistis pou sa sèlman. »

Après pawòl sa a, Seza kouri al kay Paskal. Li mande li eskiz. Depi lè sa a, se Paskal ki toujou al depoze kòb Seza labank pou li.



bifèt :

Amwa, mèb ki sèvi pou mete rad.

frijidè :

Aparèy ki mache ak kouran ki sèvi pou konsève manje ak kenbe bwason fre.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki sa Paskal t ap fè jou mèkredi swa ?
 2. Ki konpòtman Paskal t ap genyen si l te pran lajan an ?
 3. Pou ki sa enspektè Ogis fouye kay Seza ?
 4. Finalman ki kote bwat la te ye ?
 5. Ki leson enspektè Ogis bay Seza ?
 6. Ki desizyon Seza pran alafen ?
-

Leson 114. Chèche konnen anvan ou jije lòt yo

Yon bèl ankèt pati 2, leson 113 la



Mwen se yon kay.

Mwen pentire ble e blan.

Mwen se yon biwo leta tou.

Mwen la pou m resevwa plent

Tout sitwayen ki gen pwoblèm.

Mwen se biwo kote tout polisye travay.

Mwen fonksyone chak jou.

Mwen se _____



M ap li

frijidè

kizin

fou

plato

bòl

aliminyòm



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Inosan : ki pa fe anyen ki mal.

Eskiz : sa yon moun di pou l montre li regrèt aprè li fin deranje yon lòt.



M ap reflechi sou tèks la

1. Daprè ou pou ki sa enspektè a prezante kay Paskal ak manda ?
 2. Èske Paskal te pè ? Pou ki sa ?
 3. Èske w konn akize zanmi w san prèv ? Rakonte.
 4. Èske w panse li bon pou moun akize moun san prèv ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

Pou ki sa jij la ap fè ankèt sa a ?

L ap fè ankèt pou l ka konnen kilès ki gen rezon.

L ap chèche prèv pou l ka pran yon bon desisyon.

Mwen dwe konnen

- **Advèb kantite** a sèvi pou bay enfòmasyon sou kantite moun, bèt oswa objè.
 - Nan lang kreyòl, prensipal **advèb kantite** yo se : anpil, tout, enpe, plis, mwens...
-

Leson 115. Chèche konnen anvan ou jije lòt yo



Mwen fèt an bwa oswa an fèt.
Mwen gen fòm kare oswa rektang.
Mwen gen yon twou anlè tèt mwen.
Yo sere m toupatou : nan bifèt.
Anban kabann, nan tyana...
Yo sèvi avè m pou sere lajan.
Lè mwen plen yo kase m.
Mwen se _____



M ap li

fon amwa rad kachèt ekonomi sekirite



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Kachèt : kote yon moun al kache oswa kote yon moun sere yon objè.

Ekonomi : lajan yon moun sere pou li pa depanse l tousuit.

Mwen dwe konnen

- **Advèb lye** a endike ki kote yon aksyon fèt.
 - **Advèb tan** an endike kilè yon aksyon fèt.
 - **Advèb manyè** a endike ki jan yon aksyon fèt.
 - **Advèb kantite** a bay yon lide sou kantite moun, bèt oswa objè y ap pale.
-

Bwat sekrè



Byen fon anba amwa
Mwen kache san fè bri
Anba tout kalite pil rad.
Mwen rete m ap di tèt mwen
« M anfòm nèt nan kachèt mwen. »
Chak jou oswa chak semèn
Mèt mwen vizite m ak lajwa
Pou l depoze ti ekonomi l.
E mwen menm ak tout kè m
Mwen louvri bra m
Pou m di : « Pa enkyete w,
M ap ba l sekirite. »



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki kote bwat sekrè a ye ?
 2. Pou ki sa mèl li vizite l ?
 3. Jwenn de fraz nan pwezi a ki konsidere bwat sekrè a tankou moun.
 4. Èske w gen bwat sekrè ? Ki sa w fè avè l ?
 5. Daprè ou èske li itil pou moun gen bwat sekrè ? Pou ki sa ?
-

Leson 116. Dwa timoun yo



M ap li

dezòd

matinèt

rigwaz

bat

lenjistis

krim



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Fot : erè yon moun fè.

Enterese : ki kenbe atansyon.



M ap li ak bon ton

Tout moun gen dwa.

Men tou, tout moun gen devwa.

Youn dwe respekte dwa lòt.

Konsa n ap ka viv byen youn ak lòt.

Timoun yo gen dwa

Samdi, Sègo t ap pale ak vwazen li Antwàn devan kay Gaston, yon ti bonòm dizan. Gaston t ap fè jwèt lekòl ak de twa chèz. Li tonbe bat yo. Sègo ak Antwàn tonbe ri epi yo tanmen yon konvèsasyon.



« Ou konnen lòt jou mwen sezi tande ti dènye m nan, Wonal kap di li pa janm wè yon matinèt ni yon rigwaz.

Antwàn, èske ou sonje lontan lè nou te lekòl, Madmwazèl Mariz te toujou gen yon matinèt pou kale timoun dezòd ? »

« Bon Sègo, kote ou kite Mèt Janbatis ki te konn rale zòrèy elèv, lè yo fè fot nan lekti ? Ou bliye ? »

Gaston tande nan pawòl yo. Li di tèt li : « Erezman tan sa a ale ! »

Mesye yo menm kontinye ap rakonte :

« M pa ka bliye sa ! Jan Mèt Janbatis te konn chofe zòrèy mwen ! Men erzman alèkile, pa gen sa ankò paske bay kout rigwaz ak rele sou timoun pa fè yo aprann pi byen. »

« Jamè monchè ! Jamè ! Se pwofesè ak paran ki pou enterese timoun yo nan sa y ap montre yo a. Ba yo sèvi ak bon jan liv ki ale ak reyalite timoun nan ak kilti peyi nou. »

« Lòt jou nan televizyon, nan emisyon Pawòl Ledikasyon, yo di zafè bat timoun se lenjistis, se yon krim. Wòl pwofesè ak paran se ankouraje timoun yo, lè yo fè jefò, lè yo bay bon rezilta, epi **akonpaye** timoun yo lè yo gen difikilte pou yo aprann. »

Gaston tonbe touse : « Hm ! Hm ! Se sa l ye. »

« Sègo, ou konnen chanjman sa yo se granmèsi òganizasyon moun k ap travay pou dwa timoun ? »

« Se pa manti non Ti Twàn ! Men ou pa kwè tou se poutèt anpil moun vwayaje ale nan lòt peyi ? »

« Men wi ! Tout sa ladan l tou ! Nou gen yon lwa sou sa tou. Mwen kwè depi lane 2001 **palman** nou an te vote l. Li ta bon pou tout pwofesè ak tout paran chèche konnen ki sa lwa sa a di. »

akonpaye :

Ankadre, sipòte yon moun nan sa l ap fè.

palman :

Kote senatè ak depite reyini pou yo fè ak vote lwa pou yon peyi.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Vre oswa Pa vre :

Antwàn ak Sègo se de frè.

Antwàn ak Sègo se de vwazen.

2. Ki jwèt Gaston t ap fè ?

3. Ki sa, nan tan lontan, ki pa t fè timoun yo aprann byen malgre pwofesè yo te itilize yo ?

4. Ki sa pwofesè ak paran dwe fè pou timoun yo ?

5. Sou ki sa lwa 2001 an pale ?

6. Ki sa Gaston aprann nan konvèsasyon an ?

Mwen dwe konnen

- Yon **konpleman sikonstansyèl** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen nan ki sikonstans yon aksyon fèt.
 - Yon **konpleman sikonstansyèl** lye se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki kote yon aksyon fèt.
 - Pou nou jwenn **konpleman sikonstansyèl** la nan yon fraz, nou dwe poze kesyon « ki kote ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.
-

Leson 117. Dwa timoun yo

Timoun yo gen dwa, leson 116 la



Mwen se yon enstitisyon leta.

Mwen se yon palè.

Men mwen pa palè kote prezidan rete.

Mwen se kote depite

Ak senatè reyini pou diskite,

Fè lwa epi vote lwa pou peyi a.

Mwen se _____



M ap li

emisyon

òganizasyon

palman

dwa

vote

lwa



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Dwa : avantaj yon moun genyen epi li ka reklame.

Lwa : règleman tout moun dwe respekte.



M ap reflechi sou tèks la

1. Sou ki sa tèks la bay enfòmasyon ?
 2. Pou ki sa Gaston di « erezman tan sa a ale » ?
 3. Pou ki sa paran ak pwofesè dwe ankouraje timoun yo lè yo fè jefò ?
 4. Daprè ou èske li bon pou timoun gen dwa ? Bay rezon an.
 5. Èske w dakò ak Gaston ki pral di pwofesè gen lwa pou timoun nan ? Pou ki sa ?
-

Mwen dwe konnen

- Yon **konpleman sikonstansyèl tan** an se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki lè yon aksyon fèt.
 - Pou nou jwenn **konpleman sikonstansyèl tan** an nan yon fraz, nou dwe poze kesyon « ki lè ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.
-

Leson 118. Dwa timoun yo



M ap li

chase

lachas

fistibal

kalòj

toutrèl

kenbe



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Toutrèl : zwazo ki sanble ak pijon.

Karabann : pyèj ki gen fòm panye yo fè pou kenbe zwazo.



M ap li ak bon ton

Devwa yon sitwayen

Se repekte dwa yon lòt.

Chak kote yon dwa fini,

Yon dwa kòmanse.

Mwen dwe konnen

- Yon **konpleman sikonstansyèl manyè** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki jan yon aksyon fèt.
- Pou nou jwenn **konpleman sikonstansyèl manyè** a nan yon fraz, nou dwe poze kesyon « ki jan ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Antoni ak krapo a

pè :

Ki de, yon mal ak yon femèl.

Yon jou, Antoni wè Jak, yon zanmi li, ki sòti nan jaden papa li a ak yon **pè** toutrèl. Ti Jak fè yon bèl kalòj ak bwa kokoye pou li gade toutrèl yo. Antoni ale kote papa li. Li di : « Papa, mwen ta renmen genyen yon pè toutrèl tankou pa Ti Jak yo. »

Papa a reponn :

« Se Jak ki tann kabann pou li kenbe toutrèl yo. Sa ki fè ou pa aprann tann kabann tou ? »

Antoni chèche yon moso banbou. Li fann li pou li fè plizyè klis. Ak kèk branch fil sak, li mare klis yo pou li fabrike yon kabann. Antoni tann kabann nan anba yon pye mango. Li chita sou **rasin** mango a pou li veye lè toutrèl yo ap vin manje pitimi li te simen anba kabann nan. Li pase tout jounen an ap veye. Men chak fwa toutrèl yo vini pou yo antre, yo wè Antoni, yo vole. Lè Antoni wè solèy ap kouche, li pran chimen lakay li. L ap reflechi...

Sou wout la, yon bèl krapo vòltije devan li. Antoni sezi wè gwosè krapo a. Li renmen gwosè je krapo a. Li ranmase l ak de men. Li fèmen krapo a nan men li pou li pa sove.

Lè Antoni rive lakay li, tout moun kouri pou krapo a. Men Antoni fouye yon bèl twou, li plen li ak dlo epi li mete krapo a ladan li.



rasin :

Pati nan yon plant ki antre anba tè a ki pèmèt li rete debou.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès ki te kenbe pè toutrèl la ?
 2. Ki sa papa Antoni te di l fè ?
 3. Pa ki mwayen Antoni vle pran toutrèl yo ?
 4. Kilè li deside tounen lakay li ?
 5. Ki bèt Antoni pran finalman ?
 6. Ki sa Antoni fè ak krapo a ?
-

Leson 119. Dwa timoun yo

Antoni ak krapo a, leson 118 la



Mwen se yon bèt.
Mwen fèt nan dlo.
Lè mwen vin gwo,
Mwen al viv sou tè.
Mwen gen kat pat.
Bouch mwen laj.
Mwen gen de gwo boul je.
Mwen renmen sote.



M ap li

krapo vòltije sezi gwosè ranmase sove



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Klis : moso bwa palmis oswa banbou yo itilize pou fè kay ak lòt objè.

Reflechi : fè tèt ou travay.



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa papa Antoni te di l fè menm jan ak Ti Jak ?
 2. Daprè ou ki sa ki t ap pase nan tèt Antoni lè l t ap tounen an ?
 3. Kilès nou panse Antoni pi renmen, krapo oswa toutrèl ? Pou ki sa ?
 4. Si w te nan plas Antoni, èske w t ap renmen tounen sot lachas san toutrèl ?
Pou ki sa ?
 5. Ki jan ou t ap fini istwa a si yo ta di w fini l yon lòt jan ?
-



M ap li ak bon ton

Men tout moun pa gen dwa !
Non, tout moun gen dwa.
Men tou, chak moun gen responsablite pa yo.
Responsablite chak moun se devwa l.

Mwen dwe konnen

- Yon **konpleman sikonstansyèl koz** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki pou ki sa yon aksyon fèt.
 - Pou nou jwenn **konpleman sikonstansyèl koz** la nan yon fraz, nou dwe poze kesyon « ki sa ki lakoz ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.
-

Leson 120. Dwa timoun yo



Mwen se yon lekòl.

Mwen pa yon lekòl segondè.

Mwen pa yon lekòl primè non plis.

Mwen se yon lekòl pou timoun piti.

Mwen aprann yo chante, jwe ak li.

Lè timoun yo anndan mwen yo kontan.

Mwen se _____



M ap li

fanmi

ankadre

lekòl

enstwi

jwe

respekte



M ap aprann sans mo ki nan tèks la nan tèks la

Edikasyon : aksyon kote granmoun ap fòme epi enstwi timoun.

Ankadre : sipòte, ede yon moun nan sa l ap fè.

Mwen dwe konnen

- Konpleman sikonstansyèl **lye** a endike ki kote yon aksyon fèt.
 - Konpleman sikonstansyèl **tan** an endike kilè yon aksyon fèt.
 - Konpleman sikonstansyèl **manyè** a endike ki jan yon aksyon fèt.
 - Konpleman sikonstansyèl **koz** la endike pou ki sa yon aksyon fèt.
-

Dwa pa m



Yon fanmi pou ankadre m, se dwa pa m.

Bon lekòl pou enstwi m, se dwa pa m ;

Lasante agogo, se dwa pa m ;

Jwèt pou m jwe, se dwa pa m ;

Pa maltrete m,

Pa meprize m,

Banm tout lanmou m,


Respekte dwa m.



M ap reflechi sou tèks la

1. Site twa dwa timoun genyen daprè tèks la.
 2. Ki sa yo pa dwe fè timoun ?
 3. Èske sa dwe fèt pou yo maltrete timoun ? Pou ki sa ?
 4. Kilès ki dwe fè respekte dwa timoun nan yon peyi ?
 5. Si w t ap defann dwa tout timoun ki sa w t ap di ?
-

Leson 121. Chak moun gen entelijans pa yo



M ap li

santinèl

kazwèl

boulin

nouvèl

rena

entelijan



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Santinèl : moun ki kanpe devan yon baryè yon kay pou siveye antre kay la.

Nouvèl : enfòmasyon yo bay yon moun ki pa t okouran.



M ap li ak bon ton

Entelijans se pa etidye pa kè.

Entelijans mande refleksyon.

Entelijans se konpreyansyon.

Entelijans se tout sa ou ka fè san mizè.

Konpè Kòk ak mesye Rena

kazwèl :
Ki kagou,
ki fatige.

Yon jou, yon vye kòk tou **kazwèl** te deside fè santinèl sou yon branch bwa nan yon forè. Yon rena k ap pase, byen grangou, deside fè lapè avè l. Li di l :

« Desann tousuit pou m bo w. Mwen pral lòt kote pa fè m tann. »

Konpè kòk ki entelijan konprann sa rena a vle fè. Li tonbe chante kokoriko.

Li pran tan l pou l reponn li konsa :

« Zanmi mwen, sa a se yon bòn nouvèl ! Li pi bèl toujou paske se ou

menm menm ki vin di m sa. Fò m di w tou mwen fenk wè de ti lapen k ap vini la tout boulin. Mwen sèten se nouvèl la y ap fè gaye. Bon kite m desann vin jwenn ou. »

Konpè kòk mete yon pye sou branch bwa ki pi ba pou l desann. Rena li menm, ki pa vle nouvèl la pran l nan zòn nan, pa menm rete tann kòk la desann. Li di l :

« M pa ka rete, m ale. N a fete sa yon lòt fwa. »

Nan vire, pye Rena glise, li manke tonbe. Konpè kòk tonbe ri Rena nan kè l. Li kontan wè jan l te pè. Tout **anbetman** gen remèd yo. Pa janm kwè nou pi entelijan pase lòt. Chak moun itilize entelijans yo nan fason pa yo.



anbetman :
Nuizib,
degoutan.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Site non pèsonaj ki nan tèks la.
2. Ki kote yo te ye ?
3. Ki sa Rena te di Kòk la ?
4. Ki nouvèl Kòk la te aprann li ?
5. Pou ki sa Rena pa ret tann Kòk la desann ?

Mwen dwe konnen

- Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
- Yon **tèks naratif** toujou genyen yon **naratè**.
- Se **naratè** a ki rakonte tout sa ki pase nan istwa a.
- Pafwa **naratè** a se yon pèsonaj nan istwa a, pafwa li pa yon pèsonaj nan istwa a.

Leson 122. Chak moun gen entelijans pa yo

Konpè Kòk ak mesye Rena, leson 121 an



Mwen se yon bèt volay.
Mwen gen zepon long.
Mwen gen yon krèp wouj sou tèt.
Mwen chante chak maten.
Lè mwen chante
Tout moun konnen li jou.
Mwen se _____



M ap li

lapen anbetman glise desann tonbe gaye



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Rena : bèt sovaj ki soti nan menm ras ak chen, li gen bouch pwenti, zòrèy kanpe epi ke li chaje ak plim.

Entelijans : kapasite yon moun genyen pou l konprann ak reflechi byen.



M ap reflechi sou tèks la

1. Kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen ? Pou ki sa ?
 2. Ki sa k fè kòk la pa kwè Rena ?
 3. Pou ki sa Kòk la pale de ti lapen yo ?
 4. Daprè ou pou ki sa Rena pa rete tann Kòk la desann ?
 5. Èske nou panse Kòk la entelijan ? Pou ki sa ?
-




M ap li ak bon ton

Kilè you moun entelijan ? Èske se lè li konn tronpe moun ? Non, yon moun entelijan se lè li reflechi byen ak aji byen.

Mwen dwe konnen

- Yon **pwonon pèsonèl** se yon mo ki ka ranplase yon non oubyen yon gwoup non.
 - Nan lang kreyòl, **pwonon pèsonèl** yo se : **mwen, ou, li, nou, yo.**
-

Leson 123. Chak moun gen entelijans pa yo



M ap li

atlèt meday tenis bòks espò kous



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Atlèt : moun ki pratike yon espò epi ki abitye patisipe nan konpetisyon.

Meday : moso metal ki gen fòm won yo prepare pou mete nan kou yon atlèt aprè li fin genyen nan yon konpetisyon.



M ap li ak bon ton

Mwen entiljan, ou entelijan

Nou tout entelijan.

Chak moun ka entelijan nan yon domèn.


Mwen pa ka entelijan nan tout domèn.

Mwen dwe konnen

- Yon biyografi se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li rakonte sa moun nan fè pandan l ap viv.
- Nan yon biyografi, otè a pale de karaktè moun nan, de tanperaman moun nan ak eksperyans moun nan fè nan lavi li.
- Lè se moun nan ki rakonte pwòp lavi pa li, yo rele tèks la otobiyografi.

Yon atlèt modèl

Pi gwo estad foutbòl nan Pòtoprens rele Estad Sylvio Cator. Men, anpil moun pa konnen kilès Sylvio Cator te ye. Sylvio Katò se pi gwo atlèt nan listwa peyi nou jouk kounye a. Li fèt nan vil Kavayon jou ki te 9 septanm 1900.



Misye te pase kèk lane nan peyi Jamayik kote

papa li, ki te yon jeneral, te oblije pran legzil. Se sou zile Jamayik Sylvio Cator kòmanse pran gou nan espò. Li te jwe foutbòl, tenis, ak fè bòks.

Men se plis nan kous ak nan **so** anwotè li te pi fò. Sylvio patisipe twa fwa nan **Je Olenmpik** pou peyi Dayiti nan lane 1924, 1928 ak 1932 toujou nan kategori so anwotè. Nan lane 1928, li te fini an dezyèm pozisyon, kidonk li te resevwa meday ajan.

Men, pi bèl viktwa Sylvio Cator janm ranpòte se jou kite 9 septanm 1928, nan vil Pari, kapital peyi Lafrans, kote li te bat rekò dimonn nan so anwotè. Li te fè yon so ki mezire 7 mètr 9. Se pa ti kontan pèp Ayisyen te kontan. Moun Pòtoprens te fè gwo fèt pou resevwa li lè li tounen. Epi yo te kotize pou fè li kado yon machin. Sylvio Cator mouri nan Pòtoprens jou ki te 21 jiyè 1952.

so :

Diferan fòm mouvman yon atlèt ka fè lè l ap vole.

Je Olenmpik :

Gwo konpetisyon ki reyini tout kalite espò.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès Sylvio Cator te ye ?
 2. Ki kote l te fèt ?
 3. Ki espò li te fè Jamayik ?
 4. Kilè ak ki kote li te resevwa meday ajan an ?
 5. Ki rekò dimonn li te bat ?
 6. Pou ki sa moun Pòtoprens te ba li kado ?
-

Leson 124. Chak moun gen entelijans pa yo

Yon atlèt modèl, leson 123 a



Mwen se yon gwo espas.

Mwen gen anpil plas pou moun chita.

Mwen gen gwo limyè ki klere leswa.

Mwen se kote ki ka resevwa

Gwo match foutbòl.

Mwen se _____



M ap li

ranpòte

kotize

olenmpik

kapital

viktwa

rekò



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Ranpòte : genyen yon konpetisyon oswa yon konkou.

Kotize : mete kòb ansanm pou ka reyalize yon aktivite.



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki pi gwo atlèt nou genyen jis jounen jodi a an n Ayiti ?
 2. Pou ki sa li pa t kòmanse fè espò an n Ayiti ?
 3. Èske pèp ayisyen te gen rezon pou yo kontan ?
 4. Ki espò ou pratike ? Pou ki sa ?
 5. Èske w dakò pou estad la gen non Sylvio Cator ? Pou ki rezon ?
-



M ap li ak bon ton

Nan domèn espò gen divès kalite disiplin. Ki disiplin sa yo ? Pami disiplin sa yo nou ka konte : siklis, natasyon, karate, bòks, ... Espò se yon bèl amizman.

Mwen dwe konnen

- Nan lang kreyòl, **pwonon pèsònèl** yo se : **mwen, ou, li, nou, yo.**
 - Lè **pwonon pèsònèl** la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraz la.
-

Leson 125. Chak moun gen entelijans pa yo



Mwen se yon plant.
Mwen donnen nan maregaj.
Lè mwen pare, yo keyi m.
Ansuit yo seche m.
Lè mwen sèch, yo pile m
Oswa yo moulen m.
Yo manje m plizyè fason :
Ak sos pwa, ak legim, kole...
Mwen se _____



M ap li

ri barik diri barik galri kouri



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Pari : jwèt kote plizyè moun mize lajan yo pou yo ka genyen.

Barik : gwo veso ki fèt an bwa ki sèvi pou konsève rekòt jaden tankou mayi, diri, pitimi...

Mwen dwe konnen

- Yon **pwonon pèsònèl** sijè toujou plase devan yon vèb.
 - Yon **pwonon pèsònèl konpleman** toujou plase dèyè yon vèb
-

Bouki jete diri



Yon jou nan tout lari

Bouki ak ti Mari

T ap plede kouri.

Ti Malis tonbe ri

Li di ann fè pari.

Te gen yon gwo barik

Chaje avèk diri

Anba yon galri

Bouki jete diri.

Tout moun te pran kouri.



M ap reflechi sou tèks la

1. De kilès yo pale ?
 2. Ki sa Bouki ak Ti Mari t ap fè ?
 3. Ki sa Ti malis pwopoze yo ?
 4. Pou ki sa moun yo te pran kouri ?
 5. Èske sa k rive a komik ? Pou ki sa ?
-

Leson 126. Envansyon pou kominike ak deplase



M ap li

entènèt

kominike

lemonn

imel

mesaj

telefòn



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Kominike : enfòmasyon enpòtan yon responsab fè pase nan laprès pou mete tout moun okouran.

Entènèt : mwayen kominikasyon kote plizyè òdinatè konekte youn ak lòt pou pèmèt enfòmasyon yo sikile.



M ap li ak bon ton

Avyon vole anlè tankou zwazo.

Tren mache atè tankou koulèv.

Soumaren kouri anba lanmè tankou pwason.

Traktè laboure tè tankou foumi.

Kominikasyon nan peyi d Ayiti

Lèt jou, mwen t ap gade yon albòm ki gen foto manman m lè li te jèn ti fi.

« Oo sa k nan zorèy ou ki gwo konsa manman ? »

« Elsi pitit mwen, se yon telefòn ki konsa a ! »

Mwen byen sezi wè mòd aparèy sa a li te gen nan zòrèy li ak yon gwo fil ki pandye.



Lè li wè jan mwen sezi, manman m pwofite eksplike m nan tan lontan ki sa moun te itilize pou yo kominike. Kite m esplike w pitit mwen. Lemonn chanje kounye a. Nan tan lontan pa t gen zafè selilè. Menm jan tou pa t genyen entènèt ak **imèl** pou voye mesaj ak foto la pou la, bay moun ki byen lwen.

Mwen reponn li :

« O ! m pa ta renmen viv nan epòk sa ! »

Manman m souri epi l di m tou :

« Nan epòk mwen menm ak papa w te renmen, papa w t ap etidye Nouyòk. Se yon fwa pa mwa sèlman nou te konn pale nan telefòn. »

Mwen sezi :

« Ki sa ? Tout tan sa a ? »

Li souke tèt li epi li di :

« Wi se te konsa paske se te byen chè moun te peye pou pale avèk lòt bò dlo. Se plis lèt nou te konn ekri pou youn voye bay lòt pa **lapòs**. »

Mwen reflechi epi m poze l kesyon sa a :

« E si te gen yon nouvèl prese prese ? »

Li gade m ak fyète epi l di :

« Pitit mwen, si te genyen yon nouvèl ijan pou te voye rapid, yo te konn sèvi ak yon sistèm ki rele telegraf. Pafwa, moun te konn voye anons nan radyo tou. »

Antouka, mwen te byen kontan fè ti koze sa a avèk manman m. Mwen aprann anpil bagay mwen pa t konnen.

imèl :

Lèt yon moun voye bay yon lòt moun sou entènèt.

lapòs :

Enstitisyon ki la pou resevwa ak distribiye lèt ak lòt komisyon.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès k ap fè konvèsasyon an ?
2. Sou ki sa yo t ap pale ?
3. Ki jan telefòn lontan yo te ye ?
4. Ki sa ki genyen kounye a ki pèmèt moun kominike pi fasil pi vit ?
5. Ki jan moun lontan yo te konn kominike lè gen ijans ?

Mwen dwe konnen

- Nou pale de **kontraksyon** lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè nan son li yo.
 - Lè nou itilize **kontraksyon** nan yon mo, nou li mo a pi vit.
-

Leson 127. Envansyon pou kominike ak deplase

Kominikasyon nan peyi d Ayiti, leson 126 la



Mwen pa yon liv.

Men mwen sanble ak yon liv.

Mwen gen paj tankou liv.

Paj mwen yo fèt an plastik.

Mwen gen tout gwosè : gwo, piti.

Yo itilize m pou pou konsève bèl foto.

Mwen se _____



M ap li

selilè

albòm

foto

telegraf

anons

radyo



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Telegraf : mwayen kominikasyon ki te pèmèt moun nan tan lontan voye mesaj ekri soti nan yon distans rive nan yon lòt.

Anons : enfòmasyon yo bay sou yon aktivite, yon pwogram oswa yon evènman ki pral rive.



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki diferans ki genyen ant telefòn kounye a ak telefòn lontan yo ?
 2. Èske w panse li te bon pou yo itilize lèt ? Pou ki sa ?
 3. Pou ki sa manman Elsi te gade l ak fyète lè l te poze kesyon an ?
 4. Si w t ap viv nan tan manman Elsi, èske w t ap ekri lèt ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

Lontan telegraf te alamòd. Ki sa ki alamòd kounye a ? Jodi a, se telefòn selilè ak entènèt moun itilize pou kominike.

Mwen dwe konnen

- Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
 - **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
-

Leson 128. Envansyon pou kominike ak deplase



M ap li

istwa

peyi

bato

vwayaje

avyon

deplase



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Bato : mwayen transpò moun itilize pou vwayaje sou lanmè.

Zile : tè ki antoure ak dlo.



M ap li ak bon ton

Ey ! Taksi pa pase la, pase isi.

Chofè kondi taksi a ak mezi.

Ey ! Gwo kamyon

Fè anpil atansyon

Mwen dwe konnen

- Tèks enfòmatif la prezante aksyon oswa fenomèn ki pase nan reyalite a.
- Nenpòt moun ka verifye enfòmasyon li jwenn nan yon tèks enfòmatif.

Mwayen pou vwayaje

Nan liv istwa d Ayiti, nou aprann kijan *Christophe Colomb* te rive nan peyi nou sou bato soti nan peyi Lespay, aprè li te fè plizyè mwa sou dlo. Nan tan sila a, se sèlman sou bato moun te konn vwayaje lwen, moun te konn ale nan peyi lòt bò dlo.



Alèkile, moun pran avyon byen fasil, epi byen rapid ou rive nan peyi ki byen lwen. Men, depi ou p ap janbe dlo, ou ka deplase nan machin. Lakay nou, moun vwayaje anpil nan bis ak kamyon ki fè wout pwovens. Yo pran batiman lè yo prale sou zile tankou, zile Lagonav ki nan departman Lwès, zile Latòti ki nan Nòdwès oswa zile Ilavach ki nan departman Sid.

Ou ka deplase tou sou bekàn oswa sou moto pou distans ki pa twò long. Moun ki sou moto oswa sou bekàn dwe toujou mete **kas** pou pwoteje tèt yo. Menm jan moun ki nan machin dwe toujou tache senti sekirite yo.

kas :

Yon chapo solid ki fèt an plastik ki sèvi pou tèt yon moun.

Nan peyi etranje, moun pran tren tou pou deplase. Wout kote tren yo sikile rele ray. Gen tren ki pase anba tè yo rele metwo. Ozetazini yo rele yo **sobwe**. Anpil moun monte yo chak jou pou ale nan travay. Lontan sa, te gen tren nan peyi nou, nan lane 1930 konsa. Ou te ka pran tren soti Pòtoprens ale Gonayiv oswa Okap. Pami tout mwayen moun itilize pou deplase se bato ki pi ansyen.

sobwe :

Chemèn an fè ki sèvi pou tren sikile anba tè.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki kote *Christophe Colomb* te soti ?
 2. Ki jan moun te konn vwayaje nan epòk sa a ?
 3. Pou ki sa moun itilize moto ak bisiklèt ?
 4. Ki jan yo rele wout kote tren yo sikile ?
 5. Ki mwayen transpò yo itilize nan peyi etranje nou pa genyen an n Ayiti kounye a ?
-

Leson 129. Envansyon pou kominike ak deplase

Mwayen pou vwayaje, leson 128 la



Mwen pa yon bis.
Mwen long anpil.
Mwen pote anpil moun.
Mwen kouri vit.
Mwen pa gen kawoutchou,
Mwen mache sou ray.
Mwen se _____



M ap li

machin kamyon batiman bekàn moto tren



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Ray : wout ki fèt ak fè ki sèvi pou tren woule.

Tren : veyikil long ki gen plizyè kabin ki kole youn ak lòt epi ki kouri sou ray.



M ap reflechi sou tèks la

1. Site tout fason moun ka deplase soti nan yon peyi al nan lòt.
 2. Sa w pi renmen ant vwayaje nan avyon oswa nan bato ? Pou ki sa ?
 3. Ki mwayen transpò nou itilize plis nan peyi nou pou nou deplase ?
 4. Èske w ta renmen al vizite yon lòt peyi ? Bay rezon yo.
-



M ap li ak bon ton

O ! Gade gwosè yon bato sou waf la ! Li pote anpil machandiz. Anpil kamyon vin chache machandiz yo.

Mwen dwe konnen

- Nou pale de **kontraksyon** lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè nan son li yo.
 - Lè nou itilize **kontraksyon** nan yon mo, nou li mo a pi vit.
-

Leson 130. Envansyon pou kominike ak deplase



Mwen se yon aparèy.

Mwen fèt an plastik.

Mwen gen plizyè bouton pou m fonksyone.

Mwen gen yon opalè ak yon mikro.

Yo mete m nan zòrèy pou yo sèvi avè m.

Yo itilize pou pale ak yon moun ki pa pre.

Lè m resevwa yon apèl mwen sonnen.

Mwen se _____



M ap li

distans

telefòn

bwat

fil

pòtab

mesaj



M ap aprann sans mo ki nan tèks la


Distans : espas ki separe yon kote ak yon lòt.

Telefòn : aparèy ki pèmèt moun pale menmsi yo lwen youn ak lòt.

Mwen dwe konnen

- Nou pale de kontraksyon se lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè nan son li yo.
 - /l/ se kontraksyon mo **li**.
 - /m/ se kontraksyon mo **mwen**
 - /n/ se kontraksyon mo **nou**
 - /w/ se kontraksyon mo **ou**
-

Viv telefòn




Dreng...dreng
Tout son posibil
Koup, koup, koup
Okipe ? Tann toujou.
Ala ti bwat enpòtan,
Poutan.
Soti nan bwat ak fil
Pou tounen pòtab,
Pa gen distans ankò ant moun.
Tout moun pre
Ak ti moso pawòl
Ti mesaj tanzantan
Tout baryè vin kraze.
Viv telefòn !



M ap reflechi sou tèks la

1. De ki sa tèks la pale ?
 2. Ki jan sa te ye nan kòmansman l ?
 3. Ki itilite l ?
 4. Èske w panse li enpòtan pou yon moun gen telefòn ? Pou ki sa ?
 5. Daprè ou ki jan moun ta dwe itilize telefòn ?
-

Leson 131. Jesyon ris ak dezaz



M ap li

tranblemandtè

souke

akoupi

bese

panike

alabri



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Tranblemandtè : fenomèn natirèl kote tè a tranble ak fòs.

Akoupi : chita sou talon pye w yo.



M ap li ak bon ton

Siklòn fè pyebwa rache.

Inondasyon fè dlo monte.

Tranblemandtè fè tè a tranble.

Eboulman tè fè tè a glise tonbe.

Vòlkan fè tè a fann epi li fè lav koule.

Goudougoudou

Pandan Wonal chita nan klas la, li wè Maks, kamarad li, ki sote. Epi li di :

« Woy ! Apa tablo a ap souke ! »

Nan menm moman an, Wonal santi tè a fè « goudougoudou », li santi tèt li yon jan dwòl. Mèt klas la di byen fò :

« Se yon tranblemandtè. Pinga nou panike. Mete nou alabri ! »

Wonal di :

« Ki kote n ap alabri ? Ki sa pou n fè ? »

Mèt la reponn :

« Ou mèt akoupi anba tab la ! Konsa anyen p ap tonbe sou tèt ou ! »

Wonal bese, li akoupi anba tab la. Ak yon vwa k ap tranble, li di zanmi li konsa :

« Maks fè menm jan avè m ! Rete anba tab la ! »

Mèt la li menm al kanpe nan mitan pòt la. L ap siveye ak kè kal tout sa k ap fèt. Byen poze, li di timoun yo :

« Pa panike ! Tranblemandtè pa **dire** anpil tan. Depi ou alabri, ou dwe tann li fin pase anvan ou deplase. »

Sa te dire kèk segonn, ou ta di se yon **syèk** tèlman timoun yo te pè.

dire :
Pran tan.

syèk :
Peryòd ki dire
san lane.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki kote Wonal ak Maks te ye ?
2. Ki sa k te pase ki fè pwofesè a te di se tranblemandtè ?
3. Ki sa pwofesè a te di timoun yo fè ?
4. Ki lè elèv yo gen dwa deplase ?
5. Pou ki sa pwofesè a di timoun yo pa panike ?

Mwen dwe konnen

- Nan yon fraz, aksyon ki eksprime a ka fèt ak divès moman. Chak moman yo se yon tan nan fraz la.
- Gen tan prezan, tan pase ak tan fiti.
- Yon **makè tan se** yon mo ki pèmèt nou idantifye nan ki tan fraz la ye.
- **Tan prezan an** montre yon aksyon fèt nan menm moman y ap pale sou li a. Makè tan prezan an se **ap**.

Leson 132. Jesyon ris ak dezaz

Goudougoudou, leson 131 an



Mwen se yon fenomèn natirèl.

Mwen pa siklòn.

Mwen pa vòlkan.

Mwen pase vit, mwen pa dire.

Lè mwen pase mwen ka fè anpil dega.

Mwen fè tè a tranble fò, souke tout kay.

Mwen se _____



M ap li

tranble

kanpe

siveye

deplase

dire

syèk



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Panike : kite laperèz anvayi w.

Alabri : ki an sekirite, ki byen pwoteje.



M ap reflechi sou tèks la

1. Sa k fè Wonal te santi l dwòl ?
 2. Daprè ou pou ki sa Wonal pa t konn sa pou l fè ?
 3. Èske li bon lè timoun yo mete yo alabri a ? Pou ki sa ?
 4. Èske mèt la gen rezon pa panike ? Bay yon rezon.
 5. Ki sa w t ap fè si ta gen yon tranblemantè ?
-



M ap li ak bon ton

Mezanmi gad jan van vante ! Sanble se yon siklòn ? Si se yon siklòn m ap rantre lakay mwen rapid.

Mwen dwe konnen

- Yon **makè tan** se yon mo ki pèmèt nou idantifye nan ki tan fraz la ye.
 - **Tan pase** a montre yon aksyon fèt anvan moman y ap pale sou li a. Makè tan pase an se **te**.
-

Leson 133. Jesyon ris ak dezaz



M ap li

Silans

anvayi

ralanti

dezòd

goudougoudou

souke



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Anvayi : gaye nan yon espas.

Replik : sekous ki fèt tanzantan aprè yon tranblemandtè fin pase.



M ap li ak bon ton

M ap pran prekosyon lè gen inondasyon.

Mwen p ap kouri janbe dlo.

M ap pwoteje tout pyès enpòtan m yo.

M ap koute radyo pou m ka jwenn bon enfòmasyon.

Mwen dwe konnen

- Yon **makè tan** se yon mo ki pèmèt nou idantifye nan ki tan fraz la ye.
- **Tan fiti** a montre yon aksyon pral fèt aprè moman y ap pale sou li a. Makè tan fiti a se pral.

Aprè goudougoudou

Yon silans anvayi klas la sanzatan. Bri « goudougoudou » ralanti jis yo pa tande l ankò. Tranblemandtè gen lè fin pase ! Mèt la di elèv yo :

« Nou mèt mache pran pòt la pou nou soti. Pa fè dezòd. Men fè sa vit. »

Pandan Wonal ap mache li santi tè a fè « goudougoudou » epi li di :

« Woy ! Men tè a ap **souke** ankò. »

Mèt la di :

« Se yon replik. Pa panike. Li p ap dire, men li gentan fini. »

Maks menm mande :

« Ki kote pou n ale kounye a ? »

Mèt la di « yon kote anyen pa sou tèt nou. Nan lakou a, sou teren an.

Pa rete pre mi kay ak **kloti**. »

Lè yo rive nan lakou a, Maks mande :

« Èske tout moun anfòm ? »

Wonal di : « Fòk nou verifye sa ! »

Mèt la reponn :

« Se vre ! Lè nou fin mete tèt nou an sekirite, fòk nou chèche konnen si lòt moun anfòm. Yo ka bezwen èd nou. »

Se konsa yo mache gade nan tout lakou si gen pwoblèm. Erezman pèsonn pa t gen anyen ! Tout moun te konpòte yo byen. Yo te suiv tout konsèy sou fason pou w konpòte w lè gen tranblemandtè.



souke :

Tranble, bouje ak fòs.

kloti :

Mi oswa oswa ranje pyebwa ki antoure yon tè, yon jaden.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki lè mèt la fè timoun yo soti sou lakou a ?
 2. Ki jan yo rele moman tè a rekòmanse tranble a ?
 3. Ki kote klas la te ale aprè premye tranblemandtè a ?
 4. Ki kote mèt la ak elèv yo verifye aprè sa ?
 5. Pou ki sa tout moun te konpòte yo byen ?
-

Leson 134. Jesyon ris ak dezaz

Aprè goudougoudou, leson 133 a



Mwen se yon enstitisyon leta.
Mwen enpòtan anpil nan yon peyi.
Depi ou wè gwo kamyon wouj yo
K ap kouri nan lari ak sirèn se mwen.
Depi gen dife yon kote se mwen yo rele.
Travay mwen se etenn dife
Ak sove lavi moun ki an danje.
Mwen se _____



M ap li

Mi kay kloti sekirite verifye konpòte



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Sekirite : sitiyasyon yon moun ki pa santi li an danje.

Konpòte : aji yon fason oubyen yon lòt.



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa yo rele tranblemandtè « goudougoudou » ?
 2. Pou ki sa moun dwe pran prekosyon aprè « goudougoudou » ?
 3. Èske w panse tranblemandtè se yon danje ? Pou ki sa ?
 4. Ki konsèy ou ta bay ti zanmi w yo lè gen tranblemandtè ?
-



M ap li ak bon ton

O, men tè a ap tranble ! Sanble se yon tranblemandtè ? Non se pa yon tranblemandtè, se yon baskil k ap vide wòch ki fè sa.

Mwen dwe konnen

- **Tan prezan** an montre yon aksyon ap fèt nan moman n ap pale a.
 - **Tan pase** a montre yon aksyon fin fèt.
 - **Tan fiti** a montre aksyon an poko fèt.
-

Leson 135. Jesyon ris ak dezaz



Mwen se yon machin.

Men mwen pa menm jan ak tout machin.

Mwen pa fè menm travay ak tout machin.

Mwen se yon machin espesyal.

Mwen gen sirèn ak yon kwa wouj

Oswa vèt sou mwen.

Yo sèvi avè m pou menmen moun malad

Ak moun ki blese lopital.

Mwen se _____



M ap li

biwo

kabann

kraze

kalite

latè

sove



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Kalite : fason yon objè ye.

Laperèz : move sansasyon yon moun genyen lè li an danje oswa lè li santi li an danje.

Mwen dwe konnen

- Yon **pwezi** se yon tèks ki ekri an **vè**.
 - Yon **vè** se yon gwoup mo ki sou menm liy nan pwezi a.
 - Chak **vè** dwe ekri sou yon liy pou kont li.
-

Goudougoudou



Goudou...woy !

Goudou...goudou, goudougoudou !

Mezanmi ! Tranblemandtè.

Anba tab, anba biwo, anba kabann,

Youn ap ede lòt,

N ap mete nou alabri.

Blogodow, blogodop, bow

Tout kalite bri,

Kay kraze, byen latè pèdi

Depi nou gen lavi.

De ou twa segonn ap pase, l ap kanpe.

Anpil laperèz, anpil plenn nan kè

Men n ap sove

Pou n vanse nan tèt ansanm.



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki kote w ka mete w alabri ?
 2. Ki sa bri sa yo reprezante daprè ou menm ?
 3. Ki santiman moun genyen nan moman sa a ?
 4. Ki sa n dwe fè pou tranblemantè ?
 5. Daprè ou èske n ka anpeche tranblemantè fèt ? Pou ki sa ?
-

Leson 136. Andikape yo gen dwa yo



M ap li

chans

lekòl

lakay

matant

ekri

matematik



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Chans : posiblite yon moun genyen pou li fè yon aktivite.

Manke : pa genyen yon bagay.



M ap li ak bon ton

Menm si mwen pa ka mache.

Sa pa ka fè m ni tris ni fache.

Antouka mwen ka pale, mwen ka panse.

Mwen gen anpil kapasite epi mwen ka ede.

Lèt katyana pou kondisip klas li yo

Lèt pou èlèv 5e Ane
Senmak, samdi 29 septanm 2014

Bonjou Ti Zanmi,

Sa fè twa semèn depi mwen nan lekòl la ansanm avèk nou. Jodi a, mwen deside ekri nou pou mande nou ban m yon chans pou mwen menm jan avèk nou.

Mwen te byen kontan vin lekòl paske se toujou lakay mwen te rete. Se matant mwen ki te aprann mwen li, ekri, fè matematik. Lè yo te di m mwen pral lekòl, mwen te kontan paske mwen t ap menm jan ak tout lòt timoun.



podyab :
Malerezman,
move chans.

gadyen :
Jwè ki kanpe
anba kan pou
anpeche boul
la gòl.

Tanpri, pa gade m dwòl ; pa di « **podyab** » lè m fin pase ; pa kanpe jwèt la depi m parèt. Se vre mwen pa ka kouri dèske mwen manke yon pye. Men mwen ka fè **gadyen** nan match boul la, mwen ka bat kòd la lè n ap sote kòd, mwen ka chita fè jwèt mab. Epi mwen konn chante tou. Nan katye lakay mwen, mwen se gwo atis.

Menm jan nan klas la, mèt la pa mete m sou kote, mwen ta renmen pou sou lakou a, nou pa mete m apa. Andedan kè m ak nan tèt mwen, mwen pa kanpe sou beki. Èske nou dakò pou mete m nan ekip la ?

Katyana Madelon
32, ri Nisaj Sajè
Senmak



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès ki ekri lèt la ? ki kote l ye ?
2. Kilès ki resevwa lèt la ? Ki kote l ye ?
3. Pou ki sa lèt sa a ekri ?
4. Ki sa Katyana pa ta renmen lòt timoun yo fè ?
5. Ki sa Katyana konn fè nan katye lakay li ?

Mwen dwe konnen

- Yon **mo kontrè** se yon mo ki gen yon sans opoze avèk yon lòt mo.
Egzanp: kontan/fache ; pòv/ rich.

Leson 137. Andikape yo gen dwa yo

Lèt Katyana pou kondisip klas li yo, leson 136 la



Mwen se yon chèz.

Mwen pa yon chèz menm jan ak tout chèz.

Mwen gen wou tankou wou bisiklèt.

Mwen gen fren tankou bisiklèt.

Mwen ka woule.

Moun ki pa ka mache sèvi avè m

Pou yo ka al kote yo vle.

Nan lopital, yo sèvi avè m pou malad ka deplase.

Mwen se _____



M ap li

atis

beki

boul

kòd

mab

jwèt



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Atis : moun ki gen talan pou kreye bèl zèv.

Beki : baton ki gen manch, andikape yo apiye sou li pou yo mache.



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki jan Katyana vle yo konsidere l ?
 2. Ki jan w konsidere timoun ki andikape yo ?
 3. Èske w panse li bon pou yo al lekòl ansanm avè w ?
 4. Si w t ap reponn Katyana sa w t ap di l ?
-




M ap li ak bon ton

Ki jwèt ou konnen ? Mwen konnen plizyè jwèt. Site kèk. Mwen konnen : pingpong, kat, domino, damye, echèk....

Mwen dwe konnen

- Yon **mo sinonim** se yon mo ki gen menm sans avèk yon lòt mo.
Egzanp : cache/ bouske.
-

Leson 138. Andikape yo gen dwa yo



M ap li

trape

maladi

polyo

pòk

fotèy woulan

sikile



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Polyo : maladi timoun piti ka trape nan yon manje ki gate epi ki ka lakòz li paralize.

Pòk : lè yon pati nan kò yon moun paralize, li pa ka fè mouvman.



M ap li ak bon ton

Menmsi mwen diferan.

Sa pa vle di mwen pa enpòtan.

Mwen ka mache yon jan, viv yon jan.

Lavi a bèl lè chak moun fèt, grandi yon jan.

Mwen dwe konnen

- Yon **mo kontrè** se yon mo ki gen yon sans opoze avèk yon lòt mo.
- Egzanp : sal/ pwòp ; pòv/ rich.

Yon lèt pou depite Petyonvil la

Madan Mari Gras Dotilan

Depite Petyonvil

Palman Ayisyen

Bisantrè

Onorab depite,

Mwen rele Kolen Chal, mwen gen katòz

zan. Lè mwen te piti mwen te trape

maladi polyo, sa ki lakòz pye mwen yo

rete pòk, mwen pa ka mache. Se sou yon fotèy woulan mwen rive sikile.

Men mwen pa ka ale tout kote mwen ta vle, poutèt fotèy la pa ka monte

eskalye.

Mwen ta renmen palman an vote lwa ki prevwa pou tout biwo piblik, tout

lekòl, tout kote anpil moun ap pase, genyen yon ranp dekwa pou moun

andikape ki sou fotèy woulan pa sètoblije rete deyò.

Onorab depite, menm si mwen ta vle vin remèt ou lèt sa nan men, mwen p

ap rive monte mach eskalye andedan palman an.

Si pa gen lwa ki pou fòse moun yo mete ranp toupatou, se kòm si yo vle

fè m konprann mwen dwe toujou mache ak yon nèg gwo **bibit**, yon **potorik**

gason ki pou pote m monte, pote m desann, nan lekòl, nan sinema, nan

legliz elatriye. Mwen konte sou ou Onorab depite, e mwen di ou mèsè

davans etan m ap koube byen ba pou salye ou.

Kolen Chal

19 bis, ri Lama

Petyonvil



bibit :

Ponyèt yon
moun.

potorik :

Gwo pòtray,
ki wo epi ki gen
gwo fizik.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès Kolen Chal te ekri ?
 2. Ki kote moun li ekri a ap travay ?
 3. Ki sa k te pase Kolen lè l te piti ?
 4. Ki sa l ta renmen palman an fè ?
 5. Pou ki sa l ta renmen yo mete ranp toupatou pou andikape yo ?
-

Leson 139. Andikape yo gen dwa yo

Yon lòt pou depite Petyonvil la, leson 138 la



Mwen se yon gwo sal.
Mwen gen anpil chèz pou moun chita.
Mwen gen yon gwo ekran.
Mwen fonksyone lannuit kou lajounen.
Mwen se kote moun peye
Pou yo ka gade bèl fim.
Mwen se _____



M ap li

palman ranp depite piblik andikape eskalye



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Palman : kote senatè ak depite reyini pou yo travay, diskite, ekri ak vote lwa.

Ranp : pasaj an beton ki panche pou fasilite andikape yo sikile byen kote ki gen eskalye.



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa Kolen sikile ak fotèy woulan ?
 2. Èske palman an te panse ak andikape yo lè yo t ap konstwi kay la ? Bay rezon an.
 3. Daprè ou èske l ap bon pou palman vote lwa a ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

Gade yon bèl kay ! Mariz se palman ayisyen an. O, li gwo anpil ! Se la depite ak senatè reyini pou yo fè lwa ak vote tout lwa peyi a.

Mwen dwe konnen

- Yon mo **sinonim** se yon mo ki gen menm sans avèk yon lòt mo.
Egzanp : fache/ move
-

Leson 140. Andikape yo gen dwa yo



Mwen se yon zouti enpòtan.
Mwen fèt an aliminyòm oswa an bwa.
Mwen gen manch pou yo kenbe m.
Moun ki enfim nan yon pye
Oswa ki gen yon pye kase, itilize m
Pou yo ka mache al kote yo vle.
Yo apiye sou mwen pou yo ka mache.
Mwen se _____



M ap li

paspouki

ankouraje

kesyon

reflechi

souri

viv



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Bezwen : sa ki nesesè pou yon moun.

Paspouki : ki an favè yon moun oswa yon gwoup moun.

Mwen dwe konnen

- Yon **mo sinonim** se yon mo ki gen menm sans avèk yon lòt mo.
- Yon **mo kontrè** se yon mo ki gen yon sans opoze avèk yon lòt mo.

Viv avè m



Souri ban mwen
Sa ap ankouraje m
Pale avè m, poze m kesyon
M ka relechi tou
Jwe avè m
Mwen bezwen sa tou
Menm jan ak nou
Mwen bezwen viv nòmalman.
Se vre mwen andikape
Men lavi m pa fini pou sa.
Lavi a ka bèl pou mwen tou.
Ann viv ansanm san paspouki.



M ap reflechi sou tèks la

1. Drapè tèks la ki sa yon andikape bezwen ?
 2. Ki sa nou ka fè pou nou pèmèt andikape yo viv pi byen ?
 3. Èske li bon pou nou annuiye andikape yo ? Pou ki sa ?
-

Leson 141. Vakans pral rive



M ap li

egzamen

kanè

syans

espesyalis

biyoloji

matematik



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Repase : etidye yon leson ankò pou ou ka sonje li.

Konpoze : fè egzamen.

Egzamen final rive

Anita se moun Ansavo, nan depatman Nip. Li vin lekòl Pòtoprens paske nan kapital la gen plis posiblite pou jwenn plis bon lekòl. Anita abite kay matant li, Altagras. Depi mwa jen rive, l ap tann vakans, epi li kòmanse santi lakay li ap rele l. Atò reve li reve l ap benyen nan rivyè Ansavo ki tou pre lakay li.



Men anvan sa fèt, gen egzamen.

Anita etidye anpil pou li pote

bèl kanè. Li konnen jan sa ap fè manman l kontan lè li byen travay. Se

matematik ak syans eksperimantal li plis renmen nan tout kou yo. Lè li gran li ta renmen vin yon gwo espesyalis nan **biyoloji**.

biyoloji :

Syans ki etidye lavi moun ak bèt.

Lè egzamen kòmanse, lekòl la lage pi bonè. Men Anita ak twa ti zanmi l rete nan klas la pou yo repase ansanm. Yo rele Dominik vin travay avèk yo, men li di li pral gade match foutbòl nan televizyon.

Demen y ap konpoze nan syans eksperimantal ak istwa d Ayiti. Anita fè yon **chema** sou tablo a pou eksplike kamarad li yo kijan san sikile nan kò nou, soti nan kè ale nan venn. Timoun yo di :

chema :

Desen ki itilize pou esplike yon fòmil, yon règ.

« Mèsi pwofesè Anita. Demen nanpwen pa fè dis sou dis pou syans eksperimantal. »



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Nan ki zòn Anita t ap viv anvan li te ale Pòtoprens ?
 2. Ki rèv Anita fè ?
 3. Pou ki sa Anita pi renmen syans eksperimantal ?
 4. Pou ki sa timoun yo di Anita mèsi ?
 5. Ki matyè ou pi renmen ? Pou ki sa ?
 6. Si w te nan plas Anita ki sa w t ap fè ?
-

Leson 142. Vakans pral rive



Mwen se yon dokiman enpòtan pou elèv.

Mwen pa liv, mwen pa kaye.

Men mwen gen liy tankou kaye.

Yo sèvi avè m pou mete nòt ak mwayèn.

Se mwen ki di si yon elèv pase oswa li pa pase.

Mwen se _____



M ap li

vakans

kaskad

estasyon

larivyè

benyen

gwòt




M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Konsole : ede yon moun diminye lapenn li.

Kaskad : dlo rivyè ki soti anlè yon tèt mòn k ap tonbe ak fòs.

Jou kanè



Kanè bay vennsenk jen. Devan Direksyon lekòl la, gen anpil paran ki vin peye pou pitit yo ka pran kanè. Gen elèv ki kè pòpòz, men genyen tou ki gen kè yo **sou biskèt** paske yo pa konnen si yo pase.

sou biskèt :

Ki gen kè kase.

Anita fè mwayèn 8,85. Se li ki dezyèm nan klas la. Li byen kontan. Men Dominik pa pase, li fè mwayèn 4,38. L ap kriye. Anita avèk kèk lòt timoun ap konsole li. Dominik di li p ap gen vakans menm paske papa l pral fè l pran leson pandan de mwa. Epi yo p ap kite l fè **wonn pèt**.

wonn pèt :

Pa deplase,
rete yon sèl
kote.

Demmen byen bonè, Anita gentan nan estasyon. Magda, kouzin li ki gen menm laj avè l prale Ansavo tou. Ou kwè se eksite ti medam yo eksite ! Sou tout wout la y ap pale, kalkile kijan yo pral pran plezi yo. Yo gen pwogram pou ale Otrou ak Ti Rivyè ki pa lwen Ansavo. Anita di Magda yo pral benyen larivyè chak jou epi l ap mennen l vizite yon bèl gwòt ki rele Nan Rezèv. Yo pral nan kaskad Sodibaril, yo prale nan lanmè...



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Pou ki sa elèv yo kè pòpòz oswa kè yo sou biskèt ?
2. Ki sa papa Dominik pral l fè l ?
3. Kilès ki pral vwayaje ansanm ak Anita ?
4. Ki pwojè yo ?
5. Sa w konn fè lè vakans ?
6. Èske w dakò pou timoun yo amize yo pandan vakans ? Pou ki sa ?

Leson 143. Vakans pral rive



M ap li

fritay

kola

glase

dous makòs

tansyon

fatige



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Viwonnen : fè wonn yon moun oswa yon objè.

Tansyon : maladi moun genyen lè san li pa byen sikile.

Yon vakans Ansavo

Pati 1

ponp gaz :

Kote machin ak moto al fè gaz.

dous makòs :

Karamèl ki gou anpil ki fèt espesyalman nan vil Tigwav.

Rive Kafou Deriso, bis la pran pàn kawoutchou. Chofè a kanpe machin nan nan yon **ponp gaz** ki sou bò wout la. Tout moun oblije desann pou chofè a leve pàn nan. Yon pakèt machann gentan viwonnen pasajè yo pou ofri yo tout kalite bagay: fritay, kola glase, papita, **dous makòs**, bonbon sèl, elatriye. Aprè karantsenk minit konsa, kawoutchou a fin ranje. Tout moun byen kontan remonte bis la, paske yo prese rive.



Rive Ansavo, Anita ak Magda kouri desann bis la. Manman Anita deja la ap tann yo. Toulède timoun yo vole nan kou li. Matant Kawòl kontan. L ap pale san rete, l ap poze kesyon sou kesyon san li pa tann timoun yo reponn :

« Gade wotè Magda ! Ou pral pran yon ti gwosè wi pandan vakans lan. Kijan manman ou ye ? Tansyon an toujou ap fatige li toujou ? Kot valiz nou ? Èske nou byen vwayaje ? »

Anita mande :

« Kot grann Kèkèt ? »

Depi maten l ap fè manje pou nou.

Yo mache prese prese pou yo rive lakay yo. Sou tou wout la y ap salye vwazinay ki kanpe sou de ran ap gade yo.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki sa ki rive kafou Deriso ?
2. Ki sa machann yo ap vann ?
3. Kilès ki t ap tann Anita ak Magda ?
4. Ki sa ki montre Matant Kawòl kontan ?
5. Daprè ou èske Grann Kèkèt kontan wè timoun yo ? Pou ki sa ?
6. Si w te nan kay la ki sa w t ap fè pou w kite pou timoun yo ?

Leson 144. Vakans pral rive



Mwen se yon espas ki chaje dlo.

Mwen al tonbe nan lanmè.

Mwen se kote pèche vin peche pwason.

Lesivyè vin lave.

Moun vin pran dlo pou bèt.

Timoun vin benyen, fè lago.

Mwen se _____



M ap li

lesivyè

vakans

rivyè

galèt

mizik

benyen



M ap aprann sans mo ki nan tèks la nan tèks la

Lesivyè : moun ki fè metye lave rad.

Vakans : moman nan ane a kote lekòl oswa travay sispann fonksyone pou pèmèt elèv ak travayè repoze.

Yon vakans Ansavo Pati 2

Yo pa pran anpil tan pou yo rive lakay. Rive yo rive, timoun yo gaye nan lakou a. Y ap kouri dèyè poul, yo monte bourik, yo ede grann Kèkèt kale pwa. Yon ti moman yo di yo prale larivyè. Anita mande manman l anvan si yo ka sòti. Manman l di yo fè atansyon. Anita gen ti zanmi nan vwazinaj la ki vini avèk yo. Yo pa ale anba kote gen lesivyè k ap lave, yo fè anwo kote pa gen pèsòn. Dlo a gen yon ti bri li fè lè l ap koule sou wòch **galèt** yo. Wa di se yon bèl chante. Bò dlo a, gen anpil pyebwa ak anpil pye flè. Ala bèl peyi m nan bèl !



galèt :

Ti wòch plat oswa won ki nan rivyè oswa akote yon rivyè.

pwovens :

Zòn ki yon ti jan lwen yon vil.

Solèy pral kouche, li lè pou timoun yo tounen lakay yo. Yo rankontre plizyè moun ki soti nan mache. Genyen ki sou bourik, genyen ki sou moto tou. Ak tout li plis pase 6 zè, li poko fè nwa. Anpil moun chita anba galri lakay yo, y ap pran van. Timoun ap tire kont, sa k ap sote kòd. Se yon moman kè kontan pou tout moun !

Anita di nan tèt li :

« Pa gen tankou vakans nan **pwovens** ak fanmi w ! »



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki sa timoun yo fè lè yo rive ?
 2. Pou ki sa manman yo di fè atansyon lè y ap soti ?
 3. Site de eleman ki montre peyi a bèl daprè tèks la.
 4. Ki sa yo fè aprè sizè ?
 5. Èske Anita gen rezon di : « pa gen tankou vakans ak fanmi ou » ? Pou ki sa ?
 6. Ou renmen pase vakans ak fanmi ou ? Pou ki sa ?
-

Leson 145. Vakans pral rive



Mwen se yon bwason natirèl.

Mwen gen koulè blan.

Se bèf yo tire pou yo jwenn mwen.

Yon bwè m bouyi ak sik oswa san sik.

Yon fè fromaz avè m.

Yon mete nan plizyè kalite manje.

Mwen se _____



M ap li

chalè

rafrechi

detant

mango

ranmase

chelèn



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Detant : repo yon moun pran pou li konbat fatig.

Rafrechi : vin fre.

Vakans !



Epòk chalè, epòk vakans
Se moman detant san kè kase.
Nan lanmè, nan larivyè
N ap rafrechi kò nou.
Anba pye mango,
Se marèl k ap fèt
Pou ranmase chelèn yo.
Ak lajwa, youn ap ede lòt
Pou pase ansanm
Yon moman nou p ap janm bliye.
Pa gen tankou vakans !



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa yo di vakans se moman detant san kè kase ?
 2. Ki kote yo rafrechi kò yo ?
 3. Ki detant ou pi renmen nan moman vakans ?
 4. Kilès ou konn ede nan moman sa a ? Sa w konn fè ?
-

Anpoul elektrik

Jouk jounen jodi a, gen de kote nan peyi a kouran elektrik poko rive oswa li ra. Se sa k fè moun toujou genyen lanp oswa balèn pou klere lakay yo. Lontan, lè pa te ko genyen anpoul elektrik, se lanp ak balèn sèlman ki te pote limyè.

Men kilès ki envante anpoul elektrik la ? Se Joseph Swan ak Thomas Edison. Joseph Swan se yon anglè ki te fè yon premye anpoul ki pa t ka klere pou anpil tan. Yon lane aprè, Thomas Edison, ki soti nan peyi Etazini, vin amelyore anpoul la. Anpoul li fè a te klere pou plis tan. Se aprè anpil travay, anpil tantativ, Thomas Edison te resi jwenn pi bon materyo ak pi bon teknik pou fè anpoul la klere. Se te nan mwa oktòb 1879.

Se nan eta Ohio (Owayo) Thomas Edison fèt, jou ki te 11 fevriye 1847. Depi li piti, li te renmen lasyans, li te renmen li anpil epi fè rechèch. Se li tou ki envante fonograf, yon aparèy ki te sèvi nan tan lontan pou moun koute mizik.

Se te yon gwo biznisman tou. Se li ki kreye konpayi General Electric ki se yon gwo konpayi jous jounen jodi a, kote yo fè aparèy tankou fou, frijidè elatriye. Thomas Edison mouri jou ki te 18 oktòb 1931.

Siwo myèl

Siwo myèl se yon pwodui ki san pou san natirèl. Se youn nan pwodui lèzòm pa rive ajoute anyen ni defòm nan fabrikasyon l. Li egziste depi sèt mil lane anvan Jezikri.

Siwo sa a rive fèt gras ak entelijans yon ensèk ki rele myèl oubyen abèy. Yo mete tèt yo ansanm, sitou femèl yo, pou yo ka reyalize gwo kokenn chenn travay sa a. Yo konstwi yon espas espesyal ki rele « rich » pou enstale yo. Anndan rich la, ou pa ta di yon antrepriz ! Yo fòm plizyè ekip antre yo. Chak ekip jwe wòl yo : sa k pote manje pou lòt yo ; sa k fè travay bòs mason ; sa k netwaye ; sa k al chache materyo pou fè siwo a epi sa k ap siveye rich la.

Myèl yo sèvi ak polèn ak nekta nenpòt flè pou fè siwo. Lè yo pran polèn ak nekta yo, yo kraze l ak pat ak lang yo pou fè yo tounen yon pat. O mete pat la nan yon twou anndan rich la epi yo bouche l.

Après sa, siwo a pral pare pou agrikiltè yo tire l ak machin espesyal yo genyen pou sa. Siwo myèl la bon pou lasante. Li gen sik, dlo, asid òganik ak anpil vitamin. Lamedsin fè anpil rechèch sou li. Yo dekouvri tout enpòtans li genyen nan gerizon enfeksyon anndan kò n ak sou po nou.

Mezanmi, tout moun ta dwe fè pwomosyon pou siwo myèl.

Timoun yo gen dwa pale

« Pe bouch, pe bouch ! Silans ! », se fraz sa nou abitye di pou konsole timoun k ap kriye. Men gen pafwa timoun nan fin gran, epi nou kontinye ap di li « Pe la ! Se gran moun k ap pale ».

Timoun gen dwa pale. Nou fèt pou nou ankouraje timoun yo pale, diskite, di sa yo panse. Depi sa fèt nan respè, nan lizaj.

Se depi piti, nan fanmi li ak nan lekòl li pou timoun nan aprann eksprime opinyon li, dekwa pou demen nou pa genyen yon bann bègwè kòm sitwayen.

Se pou paran yo pale ak timoun yo sou divès kalite sijè. Wi gen yon jan pou sa fèt, gen jan pou yo eksplike bagay yo nan nivo timoun nan ka konprann. Se pou yo koute timoun yo tou, epi pou yo pa voye lide yo jete.

Nan lekòl, se pou pwofesè yo ankouraje elèv poze kesyon, epi pataje lide yo youn ak lòt. Se pou timoun yo fè travay rechèch epi vin prezante devan klas la. Sa va aprann timoun nan pi alèz pou li pale devan moun, sa va fè l'ogmante konfyans nan tèt li.

Pale lib e libè nan respè youn pou lòt se yon dwa tout moun genyen, timoun kou granmoun.

Resèt Akra**Akra pou senk moun****Engredyan w ap bezwen**

- Senk malanga (tayo, karayib)
- Yon piman pike
- Yon moso mori oswa aransò
- Yon bò zoranj si
- Yon ti kiyè sèl fen
- Yon ti bidon luil
- Epis : yon tèt lail, twa pye powo, yon bouke ten, de pwaro fre.

Manmzèl Lasigal ak Man Foumi

Se melodi vwa Manmzèl Lasigal

K ap klewonnen

Lajounen kou lannuit,

Ki louvri sezon gwo chalè

Menm jan silans li anonse sezon lapli

Paske Manmzèl Lasigal pa menm ak vwazin li Man foumi.

Li pantan, move tan bare l san li pa pare anyen

Li sèt oblije janbe baryè al wè Man Foumi,

Vwazin li, pou mande li prete kèk pwovizyon.

Li fè pwomès, l a va remèt tout sa ak enterè,

Lè tan an va pi bon.

Men sa ki rantre pa soti konsa kay Man Foumi,

Li pa renmen prete zafè l.

« Sezon lapli fèk kòmanse, Manmzèl Lasigal, epi pwovizyon ou fini ? »

« Mwen pa t gen tan fè pwovizyon ditou Man Foumi.

Mwen te tèlman pèdi nan chante, mwen pa wè lè tan an pase. »

« Oo ! Ou t ap chante, se lè pou danse kounye a. »

Yon fab Jean de la Fontaine

Adaptasyon Darline ALEXIS



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen an, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li - ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Novanm 2014